



SEZON TAKS 2009 OUVÈ POU REKOUVREMAN

Sezon taks 2009 lan ouvè pou rekouvremman nan Konte Miami-Dade. Enpo lokatif yo evalye depi 1 janvyè pou jiska 31 desanm epi yo koumanse rekouvremman apati 1 novanm.

Rabè Sou Peman Pi Bonè yo:

4 pousan rabè si nou peye jiska 30 Novanm 2009

3 pousan rabè si nou peye anvan 31 Desanm 2009

2 pousan rabè si nou peye jiska 31 Janvyè 2010

1 pousan rabè si nou peye jiska 28 Fevriye 2010

Pa genyen ankenn rabè si nou peye nan mwa Mas

Enpo lokatif yo konsidere fotif oswa pa peye jou 1 Avril.

Kòm rezilta, si nou manke pa peye enpo lokatif yo, nap genyen frè, enterè adisyonèl ak penalite epi tou nou gen dwa menm pèdi pwopriyete nou an.

Si dat rabè an tonbe yon Samdi, Dimanch oswa yon jou konje nasyonal, se pou nou vini an pèsòn nan Biwo Pèseptè an pwochen jou ouvrab lan.

Nou kapab peye:

- Pa entènèt nan: www.miamidade.gov
- Pa lapòs - yo baze rabè sou taks aktyèl yo dapre dat so lapòs lan.
- An pèsòn - nan biwo sa-a:

Tax Collector's Main Office

140 West Flagler Street, 1st Floor
Miami, FL 33130

Lè Biwo an ouvri: 8è dimaten jiska 5è nan lapremidi
(Nou pa ouvri nan jou konje nasyonal yo)

Fè chèk yo sou non: **Miami-Dade County Tax Collector**

140 West Flagler Street

Miami, FL 33130

(Peman yo fèt pou yo sòti nan yon Bank Ameriken
an lajan Ameriken)

Pou nou tcheke balans nou dwe oswa pou nou kapab fè yon peman sou entènèt, vizite sitwèb Konte an nan: www.miamidade.gov

Pou Enfòmasyon sou Enpo Lokatif rele: 305-270-4916 oswa vizite

www.miamidade.gov/taxcollector

Fernando Casamayor
Pèseptè
Konte Miami-Dade